



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 23 oktòb 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON AKÒ POU BAY PIBLIK LA PLIS AKSÈ NAN BLACK ROCK FOREST

Pi Gwo Sèvitid Konsèvasyon ki janm Fèt nan Hudson Highlands yo pral Founi yon Koneksyon Ant Storm King Mountain ak Schunneunk State Parks

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Eta New York jwenn yon akò pou l achte yon sèvitid konsèvasyon pou apeprè 4.000 ak tè Black Rock Forest yo nan Konte Orange ki pral agrandi koneksyon pis ant Storm King ak Schunneunk State Parks grasa agrandisman aksè plizyè mayl pis ak tè piblik. Akò a, ki se pi gwo sèvitid konsèvasyon Hudson Highlands yo, pral bay moun ki renmen mache, fanatik lanati ak lòt vizitè pak la yon esperyans anplennè san rete ki fèt sou apeprè 60 mayl pis ak 8.600 ak espas ouvri pwoteje.

“Bay piblik la plis aksè ak plis okazyon pou yo viv bote natirèl New York se yon priyorite pou administrasyon nou an,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Bèl peyizaj Hudson Valley a se yon motè ekonomik enpòtan pou rejyon an, epi ak nouvo ajou estraòdinè sa nan pak eta yo nan Hudson Highlands yo, vizitè ak rezidan gen yon lòt rezon pou vini wè youn nan pi bèl vi New York gen pou l ofri yo.”

Open Space Institute te achte sèvitid la epi dapre akò a, sèvitid la pral transmèt bay Palisades Interstate Park Commission nan pa mwayen ([kat](#)) Black Rock Forest Preserve la. Akò a kreye yon koneksyon atè pou aksè piblik la ant Storm King, ki akote Hudson River, ak Schunneunk alwès li. Akò a pral pwoteje koridò bèl kòn vizyel sa, pandan l ap amelyore koneksyon ant pis yo. Anplis, Open Space Institute pral konsève plis pasèl akote Black Rock Forest ki pral ede agrandi koridò a ant de pak eta yo.

Schunneunk State Park gen vi ki pi wo nan Konte Orange ak 25 mayl pis, alòske Storm King ofri apeprè 10 mayl pis ak vi enkonparab sou Catskill Mountains ak Hudson Valley. Black Rock Forest, ki genyen apeprè 25 mayl pis, konsidere kòm pi gwo zòn nan Hudson Highlands yo ak yon elevasyon san rete plis pase 1.200 pye, plizyè panorama sipèb, etan forè ak rezèvwa. W ap jwenn yon foto Black Rock Forest [la a](#).

Komisyonè New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation nan, Rose Harvey, te di konsa, “Gouvènè Cuomo ap travay di pou ogmante aktivite lwazi anplennè atravè eta a, epi akò sa pral

kreye plizyè mayl koneksyon pis ant de nan pi bèl pak Eta New York yo. Nou remèsye Open Space Institute ansanm ak Black Rock Forest Consortium pou efò yo sou kokenn pwoteksyon nati sovaj Hudson Highlands yo."

PDG Open Space Institute la, Kim Elliman, te di konsa, "Nou di bravo pou Gouvènè Cuomo ak Komisyone Harvey pou sipò yo bay bèl inisyativ piblik-prive sa epi n ap remèsye patnè nou yo nan Black Rock Forest. Akò sa se rezilta yon patenarya reyisi piblik-prive kap asire pandan yon bon bout tan pwoteksyon plizyè milye ak bèl tè ki enpòtan sou plan ekolojik, pandan l ap amelyore aksè piblik pou vizitè. Pou OSI, pwojè sa pou kont li reyalize prensipal priyorite nou yo: konsèvasyon tè enpòtan, ogmantasyon aksè piblik; sipò pou pak eta yo, pwoteksyon peyizaj ki reziste ak chanjman klima ak koridò abita."

Direktè Egzekitif Black Rock Forest Consortium la, William Schuster, te di konsa, "Akò istorik sa pral nan avantaj tout plant ak bèt lokal nou yo, san bliye moun, avi. Nou gen anpil rekonesans pou Open Space Institute ak dirijan vizyonè New York yo pou wòl enpòtan yo nan reyalizasyon sa."

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People

Performance * Integrity * Pride